

REGINIPOEN LENGGANAN  
SWARA - TAMA :

1 taoen . . . . .	f 6,—	} njoewoen ka- bajar roemijin.
1/2 " . . . . .	f 3,—	
3 woelan . . . . .	f 1.50	

Kénging mbajar saben woelan

RAGAD ADVERTENTIE :

1 katja . . . . .	f 36,—
1/2 " . . . . .	f 18,65
1/4 " . . . . .	9.75
1/8 " . . . . .	f 5,25

Saladjengipoen : saben 1 cm<sup>2</sup> . . . f 0,03;  
sekedik - kedikipoen : f 1,50.

Kabar premil alit - alitan : f 1,—

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapi-  
san, oetawi dados lengganan, tepang rembag  
roemijin kalijan administratie.

# SWARA-TAMA

## SERAT KABAR KATHOLIEK

== Medal saben dinten Djoemowah. ==

Hoofdredacteur:  
A. DJAJASEPOETRA,  
kabantoe  
REDACTIE - COMMISSIE.

Adrèsiipoen Redactie lan Administratie  
IGNATIUS - COLLEGE  
DJOKJAKARTA  
Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisus„ Djokja.

### AKSARA TJEKAKAN SANGADJENGING NAMA. KEDAH KATETEPAKEN.

Roemijin-roemijiniipoen jèn koela soemerep wonten seratan: M. Ngali; kadjengipoen Mas Ngali; R. Keman kadjengipoen Radèn Keman; R. B. Notodermo, kadjengipoen Radèn Bekel Notodermo; R. M. P. Pontjodiprodjo, kadjengipoen Radèn mas Panèwoe Pontjodiprodjo; Rr. Ipoek, kadjengipoen Radèn rara Ipoek; R. A. Tletik, kadjengipoen Radèn adjeng Tletik sapanoenggilanipoen.

Sareng sapoenika jèn koela soemerep seratan A. Soewarno, kadjengipoen Alexander Soewarno; B. Slamet kadjengipoen Bonifasius Slamet; C. Diman kadjengipoen Carolus Diman lan sapanoenggilanipoen.

Inggang nama sepoeh: J. S. Darmosoebroto, kadjengipoen Junus Sedjo Darmosoebroto; C. S. Hardjosoedarmo kadjengipoen Cosmas Sitikobra Hardjosoedarmo. C. K. Poedjosoediro kadjengipoen Cresostomus Kastam Poedjosoediro. I. s. s.

Inggang tigang aksara oepami: R. B. S. Winatasastra kanjengipoen Radèn Robertus Soegeng Winatasastra; R. J. D. Djajoatmodjo kadjengipoen Radèn Junus Doelrakim Djojoatmodjo,

Inggang kawan aksara oepami: R. M. C. J. Atmosetédjo kadjengipoen Radèn mas Cornelis Joedjana Atmosetédjo, R. M. P. S. Darmosepoetro kadjengipoen Radèn mas Pieter Semeroe Darmosepoetro lan sapanoenggilanipoen.

Dados ing ngriki tjekekakan wae kadjengipoen seseboetan, pangkat oetawi nama Kristen oet. katoelik poenapa malih nama alit.

La inggang mbingoengaken poenika jèn wonten nama Kristian (kadjeng koela katoelik) oetawi nama Kristen sanèsipoen inggang tjekekakanipoen sami kalijan seseboetan oetawi pangkat oepami: M. Mardjono poenika kadjengipoen bokmanawi Mas Mardjono, bokmanawi Maximus Mardjana; R. Ramelan poenapa Radèn Ramelan poenapa Rafaèl Ramelan; R. M. Soebagio poenapa Radèn mas, poenapa Radèn Maximilian Soebagio; R. P. Djojoasmoro: bokmanawi Radèn pandji, bokmanawi Radèn Paulus, bokmanawi Robertus Pardi Djojoasmoro; R. A. A. Hardjowijoto, inggang dèrèng mangertos dipoenwastani Radèn Adi pati Arja Hardjowijoto (Tenèh sing doewé djeneng goemoedjeng sekalian).

Inggih ing nginggil poenika inggang dados rembag koela. (Jak ming sepélé banget baé kok diremboeg!) Boten nama sepélé. Tandaniipoen tjara tanah Kedjawan, seseboetan poenika boten naté itjal, dalasan tjang sepoehipoen oetawi sémahipoen taksih nganggèkaken seseboetanipoen oepami:

„Kana matoera dén bëi.“ (Inggang moengel makaten poenika sémahipoen) „Dèn mengoeng napa poen siram?“ (Poetri Dalem moendoet priksa dateng garwanipoen).

„Dèn adjeng gilo rasoekané.“ (Bibékipoen dateng anakipoen).

Saepami pandjenengan mertamoe wonten panggenanipoen tepangan mangka priksa jèn namanipoen R.

## PRADJA RAHAJOE.

### INDIANISEERING.

Sadaja tjang sami kasempjok ing aloening ékonomi. Sadaja sami kadajan déning krisis-ékonomi. Warni-warni anggènipoen sami pados ihtjar nanggaelang koerdanipoen malaise.

Ing serat kabar Locomotief némbé poenika, wonten swanten, soeraosipoen: tinimbang negara nindakaké ihtjar ngoenggahaké padjeg, njoedani bajar, . . . bok aloewoen nganakaké lotré wae sing gedé banget oepama samljoen roepijah. Babaténé kirakoe tjoekoe kanggo nambal koekoerangane begrooting. Toer ja mesti akéh pajoené, awit B. B.

M. Notoasmoro. Ing ngrikoe R. M. Noto wae boten katingal, inggang katingal tjang sanès, anggèn pandjenengan moendoet priksa dateng tjang wae kados poendi? Poenapa: „Dèn mas Noto poenapa wonten?“ Inggih jèn dèn mas. Kados poenapa kagètipoen saopami seseboetanipoen sanès Radèn mas. (Toemrap inggang ngadeg djedjeg). Déné toemrap inggang dojong mangiwa batosipoen: Ja koewi sing daktjaloe.

Saopami pandjenengan kagoeng-an tepangan, priksa namanipoen: R. A. Tletik, nanging dèrèng ngertos seseboetanipoen, kadang jèn pernah enèm ing batos: „Arep njeboet dèk, mengko gèk Radèn adjeng temenan, arep moeni „djeng oetawa dèn adjeng mbasan anoe moeng si waé.

Tjekakipoen pandjenengan bokmanawi sampoen naté mranggoeli kados makaten. Langkoeng-langkoeng inggang wonten Goeperménan, djalaran ing ngrikoe oepami goeroe, poenika tjang katah oetawi larélaré njeboet ndara goeroe, boten mawi mawang seseboetan, terkadang meneer. Mantri poelisi, Mantri pendjoel, Mantri poenapa mawon seseboetanipoen ndara Mantri. Poenapa kantjanipoen inggang dèrèng soemerep seseboetanipoen, poenapa inggih toemoet njeboet ndara Mantri. (Malah diarani gila hormat déwé).

Wosing rembag koela, tjekekakan seseboetan poenika bok dipoenrembag wonten pakempalan inggang gandèng kalijan patokan njerat aksara Latijn; panjeratipoen dipoenbéda kalijan tjekekakan sanèsipoen.

Oepami makaten: Radèn Moesa, kaserat R. Moesa; Robertus Moesa, kaserat R. Moesa; Rafael Mardjan Dirdjosoemarto kaserata: R. M. Dirdjosoemarto. Radèn mas Dirdjosoemarto kaserat: Rm. Dirdjosoemarto, poenapa R. M: Dirdjosoemarto.

Dados R: A. Grimis kadjengipoen Radèn (rara) Alberta Grimis. R: P. Djojoasmoro kadjengipoen Radèn Paulus Djojoasmoro.

Bab nginggil poenika koela njoemanggakaken, djalaran jèn boten makaten, inggang badé njeboet inggih semang-semang, inggang njalirani inggih boten minggrang-minggrang.

Malah sapoenika koela kerep soemerep nama alit tok inggih asring kanggé voornaam (tjekekakan). Oepami: S. Sastrodihardjo, kadjengipoen Sidin Sastrodihardjo. D. Prawiroardiardjo kadjengipoen Diman Prawiroardiardjo. Terkadang nama ngadjeng dipoentjekek oepami: P. Soedarmo kadjengipoen Pawiro Soedarmo. R. M. Sarodjo kadjengipoen Radèn Martosarodjo. R. Dirdjosoedarmo kadjengipoen: Roesman Dirdjosoedarmo. Bab poenika sadjatosipoen kènging kémawon, nanging asring moeroegaken ketjelik tjang njeboet oetawi njelikaken ambtenaar B. S. (Ja djandji Roesmin Sastrowijardjo adja ditoelis R. M. Sastrowijardjo). Mengko gèk Mirin Sastroredjo ditjekek Mr. Sastroredjo).

koela D. S. TEONEOW Bagelèn.

### ISINIPOEN.

Aksara tjekekakan ing sangadjenging nama — Indianiseering — Sw. Tm. asor peil-ipoen — Werkeloosheidsbestrijding — Ra'jat Indonesia lan Ékonomie — Peken derma Merapi ing Tengaran — Goentingan pers — Pakabararan saking pakempalan — Dedasaripoen angger-koekoem — Ontèn sekar gambar melati — Oerap-sari — Correspondentie.

taoen poenika saged amboeka manahipoen regeering pados setijar inggang wantég, awèt, kanggé mékani djaman wingking sampoen ngantos ameningi lalampahan korakkarit kados samangké poenika . . . .

Wonten Volksraad, dirèktoer Financiën naté ngandikakaken, begrooting wedaling arta inggang adjeg oetawi gawone uitgaven, poenika resikipoen wonten f 575 mlijoen. Arta samanten poenika inggang f 163.000.000 kanggé prakawis inggang boten kènging kairid, i. p. kanggé pènsjoen, anakan, tjtjilan samboetan, lss. Dados taksih 412 mlijoen roepijah. Rantjangan wragad wedaling arta f 412.000.000, poenika inggang ± 50% langgé amlandja prijantoe prijantoe poenggawa nagari.

Boten sakedik inggih, uitgaven kanggé bajaring poenggawa nagari? Nanging kita inggih mangertos, arta samanten poenika inggang sapérangan ageng kapandemaken dateng poenggawa sinten?

Angèngeti wedaling arta kanggé mbajar poenggawa samanten katahipoen, journalist H.C. Zentgraaff wonten De Indische Post no. 10 damel kalamangan soeraosipoen makaten:

- waragad kanggé ambtenaren ing ngriki poenika kekatahen;
- mila, prajogi dipoenirid;
- sarananipoen ngirid; ngirangi anggènipoen ndatengaken poenggawa saking tanah Éropah inggang bajaripoen boten sakedik. Pandamelan inggang saged dipoenlampahi Indonesiërs oetawi Indo Europeanen, soepados kasoekakaken (dipoenlintoni) golongan kakalih poenika kémawon. Dados boten soesah keraja-raja andatangaken baer saking tanah ngatas angin inggang awis bajaripoen . . . De Indianiseering der verschillende landsdiensten moeten krachtig worden aangevat en doorgevoerd.

Dados Indianiseering ing ngrikoe tegesipoen golèk baer saka Indié baé sing moerah, oet. de goedkoopere Indische krachten!

Makaten tjarijosipoen Zentgraaff.

Rembagipoen Zentgraaff poenika nama rembag ndasar, mboten nglajang, dédè tambel boetoe. Manawi tatales inggang makaten dipoenanggé, ageng sanget pikantoeipoen toemrap ékonominipoen regeering djaman wingking.

Pantjen Indische regeering kedah ngéwahi pranatan bajar inggang kabédak-bédakaken dados tjang golongan: schaal A.B. lan C. Koela atoeri mriksani verslag protesvergadering P.P.P.H. Mataram wonten Sw. Tm. no. 11. Manoet pétangan, ratjakipoen golongan schaal A. tampi blandja f 50, schaal B. f 250, schaal C. f 600. Mangga poenapa boten kesangeten bédanipoen. Saopami migoenakaken Indianiseering, sapinten ngitridipoen nagari. Saopami, sadaja karatjak ablandja f 250 sawoelan, nagari saged njoeda pinten?

Wonten djaman gawat poenika, swanten saking Z. wae pantes dipoen-gatosaken.

Sarta, koela tjetakaken oegi ing ngriki, Indianiseering wae sampoen ngantos namoeng damel étanipoen golongan Indo. Kadjeng koela: sampoen ngantos dipoenmonopoligolongan Indo pijambak; lan kedah: pada pangkaté pada blandjané. Manawi makaten, Indianiseering wae inggih amberkati saéstoe.

A. S. D.

### S. TAMA ASOR PEILIPOEN.1)

Soeara Kath. no. 6. 28 Feb. '31, ngewrat karanganipoen inggang sesinglon ORANG SALAMAN, MANGELANG, asesirah „PEMBATJA-PEMBATJA SW. K. TJAMKAN-LAH!“ Sasampoenipoen njarijosaken anggènipoen sawég samangké lengganan Soeara Katholeik, ladjeng njarijosaken sebab-sebabipoen anggènipoen boten dados lengganan mawi angepok Sw. Tama. Koela loegokakentempoengipoen prijantoe wae, dalah tjéntanganipoen Redaksi Soeara Kath.; makaten:

Saja terpaksa mempermakloemkan hal ini kepada toean-toean pembatja dan lebih-lebih kepada toean-toean Redactie. Maka saja sendjadja tidak maoe ambil moemet sama ini soerat kabar, karena saja taktoet kalau-kalau tabiatnja idem Swara-Tama, jang djoega tidak saja perdoeli lagi didalam waktoe 3 tahoen — (7 Red.)

Saja berkata „terpaksa jang kedoea kali“ meroendingkan rahasia kita sendiri, karena kita rasa perloe djoega diketahoeci oleh kaoem R. K. se-Indonesia, bahwa pada (sampai pada) waktoe saja berhenti membatja Sw. T. itoe peilnja of deradadnja Sw. T. terlaloe rendah, sedikit pengaroehnja; sekarang saja tidak tahoe.\*) Itoeipoen poetoesan dari orang-orang R. K: dileuar Missie, djadi boekan pengertian dari saja sadja.

Tjolah diboektikan! S. T. sendiri tentoe tahoe malaranja, bahwa tidak sedikit djoemalah on-aboné dan jang tidak dojan (lust) sama sekali dengan langkahnja Sw.T. Ingatlah toean-toean bahwa memegang kemoedi soerat kabar atau didalam alam journalistik itoe boekan mainan. Pendek kata: „haroes brani mati.“\*\*)

Setelah saja membatja Sw.K. saja ada heran, jang Sw.K., sama sekali tidak meniroe Sw. T. Sjoekoer seriboe kali! Kita peringatkan bahwa kita tidak mengasoet, soepaja berhenti membatja Sw. T. poen mengerti, tetapi sesoenggoehnja tidak maoe mengerti djika sampai kini tidak maoe mengoebah karakternja.\*\*\*)

\*) Tjoba ambil abonement lagi, toean akan berpendapatan lain. Red. S. K.  
\*\*) ??? Red. S. K.  
\*\*\*) Karena toean soedah sebegitoe tahoen tidak membatja Sw. Tm. djanganlah mendjatoehkan „oordeel“ begini. Selidiki doeloe adanja sekarang. Red. S. K.

Sampoen tigang taoen (??) Orang Salaman moetoeng, boten maos Sw. Tm. Margi poenapa? Margi manoe pangangepipoen lan sadèrèk-sadèrèk Katoelik sadjawaning Missie — apa tenan?? — Sw. Tama. asor banget dradjadé; Ora doewé daja pembawa apa-apa. . . . . O, koela namoeng mèssem, . . . . . ngeloes dada. . . . .

Ènak mentah, réma kang toewoeh ing pipi; . . . . . koela goemoen, koela gawok, sadèrèk, déné wonten prijantoe Katoelik teka samanten tresnanipoen dateng jejasaning golonganipoen pijambak. Awon, saé, inggil andaping daradjadiipoen jajasana kita, poenika goemantoe wonten kita pijambak. Manawi kita namoeng njéda inggang dados djoe-roe moedi, poenika kritik tjilila-tjilili namanipoen, saged wangsoel dateng badanipoen pijambak, temahan kawelèh-welèh.

Koela inggang wiwit Hoofdredacteur Fr. Soegija katjlingkrikaken wonten sopiran Sw.T. ngantos doemoegi spriki Sw. T. pindah dateng Ngajogjakarta taksih kabekta, mireng panjéda saking sadèrèk Orang Salaman inggang njapèlèkaken sopir Sw.T. djaman semanten, koela wadjiib njoewanten.

Wangsoelan koela tjekek aos: „Saudara, ketahoelilah bahwa leiding Sw. T. pada waktoe itoe tidak bisa mempertinggi daradjad Sw.T. lebih dari apa-apa jang mereka itoe telah perboeat dengan membanting toelang dan tenaga, mengorbankan pikiran dan anggoita badannja, oentoe kemasjoean Sw.T. . . . . Habis perkara!“

Saudara Kath. Indonesiërs seloeroehnja! Djika saudara ingin melihat Sw. Tm. mendjadi madjoe; Sw. K. mendjadi koet; P. P. K. D., K. W., van Lith Stichting, Roekti Woeri, dll. mengembangkan sajapnja dimana-mana, ambillah tjonto dari sepak terdjangnja Orang Salaman. Boeatlah afbrekende critiek, rendahkanlah

1) Margi kedeseck-desek, wangsoelan poenika sawég saged kapatjak dinten poenika. (RED.)

### GOENTINGAN PERS.

Manawi tolé motah neda sekolah dateng Nederland, . . . .

Nembé poenika, serat-serat kabar Walandi lan Mlajoe ngewrat riritjikaning waragadipoen laré sakolah dateng Nederland. Ringkesanipoen makaten:

- |  |        |
|--|--------|
| Manawi sakolah wonten lagerschool ± . . . . .                    | f 110; |
| wonten rijks-middelbareschool ± . . . . .                        | f 135; |
| wonten bijzonder oet. gemeentelijke middelbareschool ± . . . . . | f 155; |
| manawi student ± . . . . .                                       | f 150; |
| wonten Landbouwschool oet. universiteit sanèsipoen ± . . . . .   | f 175. |

Poenika sadaja, pétangan apesing waragad ing dalem sawoelan. Regining boekoe-boekoe, bajaran sakolah oet. collegegeld toewin zakgeld oegi sampoen kalebet ing pétangan wae.

Soemerep angka ing nginggil poenika, koela inggang klebet klas klaras, saéstoe mengkirig. Tobat akéhé. Manawi bédjeng anak koela poen Prendjak— Mèssem; . . . . . manawi anakipoen Pak Tyon; - manawi anakipoen kadang Patjar Mérah poen Hèrlangga, . . . . . manawi anakipoen Semplo lss. . . . . bédjeng motah amebana neda sakolah dateng nagari Walandi, . . . . . méndah gèk kaja ngapa rasaning atiné sing dadi wong toewa . . . . . Apa ora kelakon: Betawi Pontianak, nglara ati nglara awak . . . . .?

Nama begdja kamajangan, . . . . . nama mangertos ing galagating djaman, . . . . . waspada ing sasmitaning lalampahan, . . . . . déné kadang Katoelik sampoen djaqi-djagi ngawontenaken van Lith Stichting lan Roekti Woeri. Sanadjan Studiefonds inggang kalebet ing gegebenganing van Lith Stichting dèrèng nama sembada, taksih nama organisatie inggang kawengkoe, éwadéné nama begdja déné sampoen wonten. Roekti Woeri inggih anggenani kori, sageda bédjeng diwasaning anak koela sampoen wonten tjawisan arta . . . . .

Sanadjan satoenggal-toenggaling warga van Lith Stichting boten saged andjagèkaken manawi anakipoen mesti saged binandakan ing Studiefonds, — kita kedah miebet dados warganipoen . . . . . Awit, kita kedah bingah manawi saged damel begdjaning sanès. Kita kedah soekoer ing manah manawi wonten kadang kita inggang pikantoe kaberdjagan . . . . . Semanten oegi toemrap Roekti Woeri, kita kawadjiiban ambijantoe sarana dados warga lan pados warga . . . . .

Sapoenika sampoen doemoegi timangsanipoen, kita kedah saja tresna dateng jajasana kita pijambak. Saja ngaosi, saja amebetjik poenapa poenapa inggang kita edegaken . . . . . Grijja inggang kita adegaken pijambak kanti adeos kringet, boten prajogi kita bentoeri sèla sakadjeng-kadjeng; . . . . . boten kènging kita obrak-abrik . . . . . Barisan kita kedah saja rapet, saja santosa, . . . . . sampoen ngantos pating besasik . . . . .

Èmoeti Kita, kadang Katoelik, poenika solidar, raket soepaket, moedjoeaken „salira“ satoenggal. Satoenggalipoen noemoesi satoenggalipoen. Tembajatan, toeloeng-tinoeloeng! Toenggil pengraos, toenggil gagasan, toenggil idam-idaman; Boten soetik kangélan, boten adrih korban, oeger „salira“ wae saged soeboer!

Semanten roemijin. Minggoe ngadjeng dongéngan, „Manawi tolé motah . . . . .“ kaladjengaken.

Prendjak Mataram.

pemimpin - pemimpin toean!  
Ah! Selama dalam lingkoeangan kita masih terdapat orang-orang jang tidak menghargai apa-apa kepoenjaan kita sendiri, djanganlah

## PAREPATAN TAHOENAN „K. W.”

Kalasan 8-3-31.

Wonten ing dalemipoen sdr. Siswa-soemarta. Warga rawoeh 16, pamit 3. Tamoe 13, wonten 3 ladjeng mlebet lid. Djam 9,30 kabikak.

Ngrembak;

1. Pamboeka: Pngarsa matoer noewoen dateng ingkang sami rawoeh, lan ingkang kagoengan dalem.
2. Maos notulen sarta kaabsahaken.
3. Pakabaran.
- a. Pangarsa ngenggetaken sarèhning mangsa Paskah, ingkang dèrèng netepi wadajib, seopados netepi.
- b. Woelan Maart woelanipoen St. Joe-sob (pangajaman K. W.), ingkang saged kaperlokna ndèrèk Mis.
- c. Radio Omroep. Pangarsa nerangka-bab waoe. Wonten warga 11 teroes mlebet lid.
- d. Siti kanggé Grédja, Rama saweg rembagan dateng pangageng onder-neming Nederland.
4. Jaarverslag.
- a. Warga 1929=22, warga 1930=23.
- b. Kempalan warga ping 7.
- c. pangrèh ping 6.
- d. Doemoegi woelan September arta kas f25.
- e. Pakarjanig K. W.:  
Moeljakaken riadi Paskah.  
Kerstmis.  
nDèrèk arak-arakan Maha Soetji  
Ngedegaken pakempalan Pangroektijala.  
Damel tjèlèngan.  
mBantoe Moeda Katoelik Kalasan.  
Dana Grédja ing Toeri.  
mBantoe Comité Merapi.  
mBantoe verbuiks Coöpatie Kalasan.  
f. Pilihan pangrèh:  
sdr. Hardjawata. Voorz.  
Prawiraatmadja. Secr.  
R. M. Dwidjasapoetra. Penn.  
Parjana. Comm.  
Moeljasentana
5. Maos serasak saking Medari. Kempalan, moetoesi dana f2,50 dateng H. I. S. Trijasa.
- Maos serasak saking P. K. W. lan maos Statuten P. K. W. artikel 6, 8.
6. Milih oetoesan.
- Inkang kapilih dados oetoesan dateng konggres P. K. W., sdr. Martasoesiswa lan Siswa-soemarta.
7. Paskahan.
- K. W. damel parèpatan miroenggan wonten dalemipoen sdr. R. M. Dwidjasapoetra (5 April).
8. Pangroektijala.  
Rembag ingkang perloe kasrantosaken, awit Voorz. noedjoe alangan.
9. Oesoel-oesoel lan pitakènan. Kempalan moetoesi papan parèpatan wonten sakolahan, perloe ngirid ragad.
10. Panoetoeop.
- Djam 12 parepatan katoetoeop kanti wiloedjeng.

Panitra Jop.

## H. I. S. TRIJASA SLÉMAN.

Tanggal 1 Maart 1931 H. I. S. Trijasa ing Sléman sampoen èstoe kabikak. Ing dinten pamilihan waoe dipoendatangi tjang langkoeng saking 100 lan tjalon moerid klas I ing H. I. S. kasboet 40 langkoeng. Tamoe semanten waoe, kaftang oegi wakiling Pamaréntah wakiling golongan lan pakempalan werni-werni.

Pambikakan mrapan wonten ing Standaard-school Medari ingkang sampoen rinakit lan pinaljang-padjang déning pakempalan Mardi Koepija, lan Wanita Katholiek Medari, ing sapantesipoen.

Djam 9 èndjing Pangarsaning pangrèh H. I. S. mbikak pepanggihan, kanti natjahaken sinten ingkang rawoeh, sarta maos pinten-pinten serat ingkang tinampi, ingkang soeraosing serat waoe ratjak namoeng nélakaken tjowwa déné boten saged dateng sebab sawek sami alangan vergadering oetawi ngabektèn dateng pengageng. Woensana namoeng sami ngairaken bingah, sarta paring pangstoe wiloedjeng dateng wontenipoen H. I. S. Trijasa ing Sléman. Inkang sami sesorah lan soeraosipoen.

1. Hr. Hadisoeparta. Nerangaken toedjoening Tjrijasa. Badé ndjoendjoeng dradjing bangsa. — Bibit madegipoen H. I. S. ing rikoe, badé mitoeologi lan ngèntèngaken sedèrèk ingkang sami kepengin njekolaken poentranipoen dateng H. I. S.
2. Hr. Martadeksana. Nerangaken gangèngipoen sekolagan kalijan sedajaning golongan; dalasan dateng Papréntahan pisan. Sarta wadjabing sedaja golongan dateng sekolahan, oegi wadjabing tjang sepoeh dateng anak. Anak kedah dipoentroeki kanti setiti lan ngati-ati, ngongokeoli sedajaning banda ingkang adu-pèni.
3. Hr. Kresnaamidjaja. Nerangaken jèn mragadi anak ingkang sekolah, poenika koewadjabing tjang sepoeh, ingkang boten kénging dipoendamel goemampil. Poenika samipoen nilari banda ingkang boten badé risak. Mila ngèngipoen merlokaken, ngongokeoli jèn pados arta badé kanggé plesir, seneng-senang lan pawitan domino.
4. Hr. Darmawidjaja. Nerangaken bedanipoen H. I. S. kalijan Schakelschool, kanti nélakaken jèn goeroe - goeroe Schakel Sléman, saqah bijantoe ing sasaged-sagedipoen, ngantos H. I. S. ngrikoè sampoen ngantos ngoetjowani.
5. Hr. A. W. Sléman (wakil Pamaréntah). Nerangaken lega-mareng penggalih, déné ing Sléman madeg setoenggiling H. I. S. ingkang badé mahanani kerta - rahardjaning district Sléman, mila ngalembana dateng tradjanganpoen Tjrijasa, mawi dipoentantèni kesagahan, badé ndjadi lan mitoeologi, amrih lestantoening toemindak, sampoen ngantos wonten sambè-kalaning lampah, kados ing samestipoen.
6. Hr. Boekhouder S. F. Beran. atas namaning prijantoean fabrick, mangajoebagja madegipoen H. I. S. kasboet kanti nerangka-bab, tinimbang nilari banda dateng anak, dèrèng kantenan jèn saged, lan oepami saged inggih dèrèng kantenan jèn awèt, saged oegi telas kanggé rojal, kepandoengan, kapoesan, kelahiran lsp., mila langkoeng roemijin nilarana kesagedan. Toer saged nitijil saben woelan, toer boten badé boeboeken.
7. Hr. Tjarik doesoer Kepitoe. Atas namaning poelisi doesoer matoer noewoen, déné Tjrijasa sampoen kersa ndamel H. I. S. wonten ing Sléman, ingkang paédahipoen dateng rajat boten sekedik, mawi ngosikaken dateng para sepoeh kersa ènggal njekolahaken poetra-poetraipoen, kanti mba-jar kados mestipoen. Awit kawah-kawahing moerid dados ngalamat badé madjeng moendoering sekolahan. Sarta ngadijeng-adjeng dateng goeroe, ngengganana temboeng goeroe, koedoe kena digoeroe lan ditiroe déning rajat ing sedajanoep.
8. Hr. Goeroe ingkang njepeng H. I. S.

ngrikoè. Nerangaken kemadjeuganing tanah ngriko - ngriko èngga doemoegi kemadjeuganing tanah Djawi ngriko. Mawi ngèntèti ngajak kemadjeuganing bangsa kanti élak soeka-senenging manah, badé netepi koewadjabanoep njepeng H. I. S. Trijasa, boten mawi ngèntèti kawah - kediking blandja lan rekaosipoen.

Lan taksih wonten sedèrèk sanèsipoen ingkang kepandjangan jèn koela djèrènga sedaja.

Bibar poenika para moerid ladjeng katata linggih ing bangkoe ènggal ing kamar H. I. S. ngadep blabag (bord) poeteran ingkang kamar waoe sampoen pinadjang saé sanget déning M. K.

Para sepoeh sami ngadeg ngoebengi para moerid. Sasampoenipoen wonten sesorah sawetawis, pepanggihan ladjeng katoetoeop kanti keplok lan soerak amal-balaman. Woensana djam 12 sjiang sami bibaran, kanti mantep lan senenging manah. Sigeg.

Rèhning pambikakan H. I. S. poenika kawah sanget betahipoen, mila pangrèh ngadjeug-adjeng pambijantoeipoen para sedèrèk. Langkoeng-langkoeng golongan R. K. kersa bijantoe woedjoe arta. Soekoer kawah, sendjan namoeng sekedik, inggih katampi kanti matoer noewoen. Soekoer saged adjeg, sendjan namoeng sepisan toer inggih namoeng sekedik, inggih katampi kanti matoer noewoen. Tjubi sinten ingkang saged lan kersa peparang, kaadèrsana dateng R. M. Kresnaamidjaja Medari.

Taklim saking Pangrèhing H. I. S. Trijasa Sléman.

diharap motor pergerakan kita akan madjoe dengan tjepatnja! Bahkan akan moendoer, ja moendoer soeng-goeh - soenggoeh, menghampiri si liang koehoer! Maoekah saudara, kita mememoi keadaan begitoe? Boleh tjoba!

Poerwakninanti (Djokja) 12 Maart '31  
A. S. D.

## WERKLOOSHEIDS-BESTRIJDING.

Sampoen boten kabetahaken?!

-o-

Manawi kita nilingaken oreging bawana ing awaling abad kalih dasa poenika, manah kita temtoe la-djeng kraos tintrim saha adjrih. Ing salereming perang ageng kawontenaning donja teksih dèrèng saged tentrem saestoe. Wontenipoen volkenbond ingkang toedjoenipoen mangèsti tentreming bawana inggih dèrèng angsal woh samestipoen. Ngriko - ngriko teksih kapireng swan-tening kradjan-kradjan anggènipoen sami ngasah dedamelipoen.

Kedjawi poenika ebahing djaman saja dangoe saja ketingal seseg toewin roepeg. Kados déné wontenipoen bebaja warni-warni ingkang toemoesipoen dateng kasoehahan, toewin wontenipoen malaise, werkloosheid, kosèking dedagangan, bi-brahing ékonomi lsp., sadaja namoeng damel kekesing manah.

Kados déné samangké ingkang dados kodjah ramé wonten ing ser-serat kabar i. p. wontenipoen wekdal malaise toewin djaman padjidi klanjoeng. Ing ngriki ingkang koela ginem namoeng bab wontenipoen pandji klanjoeng ingkang sadjatosipoen inggih wohing djaman malaise poenika. Ing saloemahing boemi sakoerebing langit, boten wonten kradjan ingkang kalangkup boten kataman ing werkloosheid. Dalasan kradjan ingkang ageng-ageng kados déné: Amérikah, Djerman, Itali lss. manawi dipoentèrèni, tjatjahing tjang anggoeran pinanggih mlijoenan. Para djoeroe moedi-ning pepreéntahan, sami mboedidaja

## VAN LITH-STICHTING

P O E N A P A  
Pandjenengan sampoen  
ngisèni  
„SERAT KASAGAHAN”  
dados  
CONTRIBUANT  
V. L. S.  
?

Penningmeester V. L. S.  
p/a 2e Convict.  
Moentilan N. I. S.

amrih mendaning prekawis poenika. Dictator Mussolini, president Hoover Amérikah sampoen wiwit toemandang anangoelag. Namong poenapa djoeroe pangoedi waoe

badé angsal woh samestipoen, poenika teksih pitakènan ageng. Nanging kita manoesna boten kénging manawi namoeng kèndel kémawon; kita kedah ichtijar ing sagadoek-gadoek kita. Kedjawi poenika mokal manawi pedamelan kita badé tanpa woh. Lan inggih mokal manawi djaman kok boten badé santoen, teroes djaman malaise — werkloosheid kémawon. Dados prakawis poenika temtoe badé woedar lan kedah woedar.

Menawi para sardjana saged manggih prekawis ingkang angèl-angèl kados déné: electris, radio enz., mokal manawi dateng prakawis werkloosheid kémawon boten saged ngoedari. Dados prakawis poenika para wasis temtoe badé seged manggih.

Sapoenika nolèh dateng tanah kita pijambak. Ing tanah kati ngriki tjatjahing tjang nganggoer Welandi, Tionghoa toewin bangsa kita pijambak inggih boten kawon kawah kalijan tn. sanèsipoen. Namong kémawon goemoen koela déné greng-senging werkloosheidsbestrijding ing tn. ngriki dèrèng sapintena jèn katanding kalijan tn. sanès. Kangdjeng Pamaréntah semoewin inggih dèrèng patos manggih sanget, déning saweg riboet dipoentèrèni ardi Merapi. Pakempalan sanès inggih saweg swatawis oep.: Centraal comité ing Betawi, Gemeente Bandoeng, Vaderlandsche Club, B. O. tjabang Semarang lan wonten malih. Dados prekawis poenika ing riki ketawis manawi dèrèng dados rembag ingkang soemrambah saban pakempalan. Inkang manjaka poenika satoenggiling bebaja inkang badé mandjing ing djaman ingkang badé dateng, sa-toenggiling problem ingkang kedah kita oedari (rembag).

Anggèn koela nalangsa malih poenika, déné pakempalan<sup>2</sup> ing nginggil waoe kedjawi B. O., ingkang dipoentengenaken langkoeng roemijin bangsa Welandi. Kados déné rantjanganipoen Centraal Comité ing pepatjak G. (zie Sw. Tm. no. 4) ing rikoe inggih kasebat kalebet oegi bangsa kita, nanging mawi dipoentantjer-antjeri ingkang kawontenaning gesangipoen kados bangsa Éropah (Walandinipoen: De steunverleening wordt beperkt tot Europeanen en Inheemschen en Chineseen, wier levensomstandigheden overeenkomen met die der Europeanen). Dados tegesipoen sedèrèk kita oep.: para koeli-koeli lss. ingkang pinten-pinten èwoe poenika boten angsal papan. Mangka poenika inggih kedah gesang, neda, lan boten saged manawi sadjèpipoen namong badé toemoet anak sedèrèk kémawon.

Ladje sapoenika kados-poendi tindak kita dateng prekawis poenika, kok dèrèng katingal grengsengipoen? Atoer koela poenika langkoeng-langkoeng dateng para wasis, inggih péhak pamaréntah, inggih péhak pakempalan. Koela boten mangertos srananipoen, poenapa srana boebak wana, emigratie, werkverschaffing poenapa kados-poendi, namong soemangga. Koela namong ndèrèk memoedji.

Dèrèng dangoe poenika zitting Tweede Kamer wonten warganipoen ingkang miterang prekawis poenika dateng pamaréntah. Sokoer bagé sèwoe. Poenika saja ngindakaken greng-sengipoen Pamaréntah dateng prekawis poenika. Ingkang langkoeng koela pepoedji poenika moegi-moegi Pamaréntah langkoeng mrelokna roemijin dateng bangsa kita. Mergi manawi dipoen-gagas èstoe nrenjoehaken sanget, tjang gesangipoen trimah pasadja, bajaran sekedik, kok meksa boten angsal papan neda.....

Déné kanggé nota bene sedèrèk ingkang nganggoer, ngèntèti sapoenika poenika djaman „pagemèu” kados karanganipoen sedèrèk S. S. dh. (Sw. Tm. no. 4). inggih sampoem main rève! Menawi pandjenengan bèndjing sampoem angsal padamelan inggih sampoem djelèhan oetawi rève sanès-sanèsipoen! Déné ingkang sami dipoentantoean boebak wana oetawi pindah papan (emigratie) inggih kedah kersa, sampoem adjrih oetawi lingsem lss. Koela atoeri ngèntèti, kita kedah nglestantoenaken gesang kita, neda, ndjadi anak sèmah, poenika sampoem dados wadjab kita.

KETJIL.

## ÉKONOMIE.

### RA'JAT INDONESIA LAN ECONOMIE.

SAKING P. S. ATMASOEDARMA.  
(Sambetipoen Sw. Tm. No. 11.)  
Ngasoraken dradjat.

Karisakaning panggesangan poenika boten ngemoengaken saged kanggé dolananipoen ngriko, nanging dangoening-dangoe saged kapitoe-nan pijambak toemrap dradjadiipoen, toemrap adjining kamanoengsanipoen. Déné terangipoen kados ingandap poenika:

Nalika koela dateng ènggal-ènggalan wonten ing Banjoemas, loe-gonipoen koela kagèt toer sanget, ningali saha mirengaken solah bawaniipoen toewin tindak - tandoekipoen para Tjiong Hoa toemrap kita tjang Djawi.

Wonten tjang Djawi tètombas, poenapa kabetahanipoen wingking, poenapa barang sanès, lsp. Nalika ngoeloengaken arta, temboengipoen: Madjikan, niki toembas satanipoen: „Lo, kok semanten.” Ingatasipoen tètombas mawi arta - artanipoen pijambak, kok anggènipoen ngarih-arit. Wangsoelanipoen ingkang dipoen toembasi inggih mawon kè-mawon, toer sadjak boten patos ngopèni dateng ingkang toembas waoe. Anggèn koela kagèt poenika, margi koelina koela roemijin wonten Soerakarta, tjang Djawi kalijan bangsa Tjiong Hoa pangangeppoepoen sami<sup>2</sup>, boten ambèdak - ambèdakaken. Jèn tjangijepoen Djawi mawi basa ngoko, Tjiong Hoanipoen inggih ngoko. Makaten kosok wangsoelipon. Mandar sawènèh wonten ingkang radi klètjeman, margi Djawinipoen ngoko, djeboel Tjiong Hoanipoen mawi basa krama. Mangga sadèrèk, jèn dipoen pikir jektosan, rak kirang sanget maremaken manah. Poenapa

## DEDASARIPOEN ANGGER-KOEKOEM.

(de grondslagen van het strafrecht).

Kados déné ing sanès-sanèsipoen pangganèn, para Katoelik ing Ngajodja oegi gadah debatingclub, nanging wingi-wingi gesangipoen tjara tjangijepoen makaten radi sesakiten. Woensana saking aksinipoen Bestuur K. W. ingkang hapangarsa Sdr. Soegiri sapoenika wiwit gagah. Manoe rantjaning saban woelan dipoen-wonteni lezing saking Rama - rama Pastoe lan Toewan-toewan Katoelik sanèsipoen bangsa ingénieur lan sapanoenggilanipoen.

Inkang mboekani lezing poenika Rama Darmasepoetra rikala 21 Maret sonten, ngrembag bab „dedasariipoen angger-koekoem (strafrecht).”

Rama Darmasepoetra ngandika bilih ing donja poenika namoeng manoesna tok ingkang djan saged lepat lan kénging kasiksa, kéwan dipoenganggep lepat lan dipoenoekoem poenika namoeng éntar, djer manoesna gadah boedi lan pikadjeug mardika, sareng kéwan boten.

Kéwan boten gadah boedi, tandanipoen oepami segawon sampoen kagradi mbekta ténggok dateng ing grijaning djagal perloe mendet oelam sarta artanipoen wonten ing ténggok ngrikoè, pantjènipoen rak kedah ngertos manawi arta poenika kénging kalintokaken oelam, éwa samanten jèn segawon waoe wonten ing margi soemerep jatra saringgit, boten badé mendet jatra waoe kalintokaken oelam, ladjeng dipoentèda pijambak.

Kadjeng mardika kéwan inggih

boten gadah. Segawon ngelih soemerep oelam ladjeug kagondol, inggih kabekta saking watak chéwani (instinct), sareng manoesna saged njrantosaken, badé nemboeng roemijin oetawi sanadjan loewé meksa dipoentèkadi.

Sawènèhing tjang wonten ingkang boten pitados jèn manoesna poenika gadah pikadjeug mardika sarta pamanggih kados makaten poenika ladjeng katoemrapaken ing angger-koekoem (strafrecht). Inkang misoewoer inggih poenika Professor Cesare Lombroso ing Itali lan Prof. Frans von Liszt ing Berliin.

Professor Lombroso poenika anthropoloog ingkang misoewoer, won-déné ngèlmoenipoen: criminalistisch anthropologisch tegesipoen: doerdjana poenika anggènipoen poeroen nglampahi awon margi gadah sesakit toeroenan. Prof. von Liszt ngèlmoenipoen: criminalistisch sociologisch tegesipoen: doerdjana awon poenika kabekta saking awoning gesangipoen kantja oetawi tangga tepalih.

Golongan Katoelik boten nganggep dateng ngèlmoè kakalih waoe minangka patokan. Patokan Katoelik: manoesna gadah pikadjeug mardika, tandanipoen: 1e. angger tjang temtoe ngraos pijambak jèn saged milah-milih. 2e. oepami pikadjeug boten mardika, boten wonten perloenipoen Goesti Allah ngawis pandamel awon mawi dipoen-gantoengi siksa. Bangsa Katoelik oegi pitados,

bilih awon saking toeroenan oetawi kabekta saking sesarwoenganipoen inggih wonten, nanging poenika awis-awis. Tjijng éwah asring amalangi grija (tjijng) mawi sèla, nanging boten angger tjijng ambalangi mawi sèla, temtoe éwah.

Ngèlmoenipoen Prof. Lombroso lan von Liszt poenika kawah prabawanipoen (invloed), nanging ing Indonèsia ngriki angger-koekoem taksih nganggèp dateng pikadjeug mardika. Jèn manoe ngèlmoenipoen Prof. kalih waoe, koendjaran kanggep papan kanggé ndjampèni tjijng sakit, kedah kasae-sae. Poenapa poenika boten ndjalari tjijng ladjeng njenjolong soepados sekèlja klebet ing koendjaran?

Djaksa ing Indonèsia ngriki jèn ngadili, pamriksanipoen:

- 1e. poenapa tjijng ingkang kadakwa nglampahi prakawis ingkang kaawisan nagari katingal ing lair.
- 2e. tindakipoen tjotjog kalijan definitie ing serat-angger.
- 3e. kanti ngertos lan dipoendjarag.

Dados kedah dipoentèrèni toer kagantoengan oekoeman, manoe waton: geen feit is strafbaar dan uit kracht van een daaraan voorafgegane wettelijke strafbepaling (ora ana lelakon kena oekoem jèn sadoeroengé ora digantungi paekoeman déning Nagara).

Bab awisan. Toemrap Goesti Allah, manoesna kedah ngertos kados woelangnipoen Pasamoewan Soetji. Jèn noedjoe kepetengan, kedah manoe osiking batos (geweten) ingkang temtoe anggènipoen moetoesi, sanadjan klèntoe, oepami dinten sijam dipoenwastani boten sijam, ladjeng boten sijam. Toemrap nagari,

sadaja tjijng kaanggep ngertos dateng wontening angger, dados boten kénging matoer: „koela boten ngertos jèn dipoenawisi.”

Tindakipoen kedah katingal ing lair, awit sanadjan awona kados poenapa jèn wonten ing batos tok, boten dipoenoekoem. De internis rion judicat praetor (djaksa ora ngadili kawatinan). Masti kémawon ngadili ingkang kelair gandèng kalijan batos.

Tjotjog kalijan definitie. Oepami dipoendakwa: njolong ing wajah bengi. Bengi tegesipoen wiwit soeroep tekan pletèking srengéngé. Dados ngadjeug serap déné daloe. Kanti ngertos lan dipoendjarag, jèn boten makaten, boten kapopoh (ontoeerenbaar). Mila tjijng éwah babar pisan, nerak angger, boten kapopoh. Jèn kadang - kala saras sarta ladjeng nerak angger, inggih kapopoh. Laré alit, boten kapopoh. Mendem babar pisan, boten kapopoh, nanging jèn sadèrèngipoen sampoen ngertos, bilih manawi mendem badé nerak angger, inggih kapopoh. Mendem soepados saged nerak angger, kapopoh, malah ageng siksianipoen.

Boten dipoendjarag oetawi boten medal saking kadjeugipoen pijambak, boten kapopoh, oepami margi kapèksa kadosta: saweg ngetoki koe-koe kadjorogaken, ladjeng ndawahi lan natonni tjijng ing ngadjeugipoen. Makaten oegi margi sanget dipoen-adjrih - adjrihi jèn badé kadjantoe, inggih boten kapopoh.

Ngertos lan dipoendjarag, éwa samanten boten kapopoh poenika jèn tindakipoen waoe absah oepami margi angsal dawoehing Nagari kadosta: glodjo, oetawi margi ndan-

dani badan, barang oetawi kamoer-nènipoen, nanging poenika boten kénging ngljontjok wates. Jèn meng-sah tjekap katatonan, boten kénging kapedjahan, toer kelampahanipoen kedah sakala ngrikoè.

Andjarag: wonten ingkang teroesan oepami: natonni A, oetawi boten teroesan oepami badé natonni bjoeng, kénging anakipoen. Poenika kapopoh.

Margi kainan inggih kapopoh kadosta: mbesmi grija, roemaosipoen soewoeng, djeboel wonten tjijngipoen sarta sami toemoet kabesmi. Dados nama dosa medjahi, margi kirang paniti priksa.

Natonni A. A kabekta dateng grija sakit, noenten pedjah. Jèn pedjahipoen margi sangeting tatoe, dadosipoen: dosa medjahi. Jèn pantjènipoen boten pedjah, nanging pangoe-pakaranipoen kirang saé, ladjeng pedjah, poenika namoeng lepat natonni.

Ing nginggil poenika ringkssaning lezingipoen Rama Darma. Koela patjak ing Sw. T. ngriki soepados boten namoeng sadèrèk Debatingclub Ngajodja ingkang tambah ing seserepan, dalasan sanèsipoen makatena oegi.

Lezing sapisanan poenika kawah ingkang mirengaken ngantos 70nan, margi mawi basa Djawi. Salebeting lezing ingkang ndjenengi sami nggatosaken, tandanipoen saban - saban goemoedjeug ger!! Bakda lezing wonten ingkang pitakè. Koetjiwa wekdal sekedik, dados wonten ingkang dèrèng pikantoeuwangsoelan.

Widadaa Debatingclub Katoelik Mataram!

Verslaggever.

Kriwikan dados grodjogan.

Pantjenipoen koela badé kèndel kémawon. Nanging ningali kawontenanipoen saja ndados, manahipoen journalist boten kénging kaampah. Ladjeng njandang dadamelipoen: si Péna Merdéka.

Kala ngadjengaken bakda ing Pekalongan wonten lalampahan Indonesier Djawi contra Tionghoa. Pantjenipoen makaten kriwikan, nanging margi sentiment poenapa kados poendi, ladjeng dados grodjogan. Waoenipoen prakawisipoen tiyang ladjeng dados pasielanipoen bangsa Indonesiers kalijan Tionghoa. Kados poendi moela boekanipoen?

*Bintang Timoer* no. 54 njarijosa-ken makaten:

Asal moelanja seorang Tionghoa berdjoelan minoeman laloe di Gambaran-straat memikol daganganja.

Ketika itoe laloe seorang Indonesier menolak gerobak jang tidak dengan sendang dia menjitoe dagangan Tionghoa tadi itoe, sehingga daganganja bersebaran ditanah.

Sebagaimana biasa tentoe sadja pedagang Tionghoa itoe tidak menerima manda dengan kedjadian itoe, sehingga disitoe terjadi perselisihan moeloet antara toekang gerobak Indonesier dengan pedagang Tionghoa. Roepanja pedagang Tionghoa itoe tidak merasa soengkan berselisih moeloet dengan toekang gerobak itoe, karena sebagaimana biasa kalau kedjadian apa-apa dari pihak Indonesiers pada banjak datang menonten, maka dia meninggalkan orang banjak itoe pergi mendjepeot teman-temannja dan begitoe dia kembali dengan lebih koerang 15 orang.

Setibanja mereka disana dengan tidak bilang ba atau boe lantas mereka memookeoli seorang Indonesier jang tadinja telah ikoet memasoeki perselisihan itoe, jaitoe seorang pendoeoek Kraton.

Oleh karena tentoe sadja tidak koet melawan orang sebanjak itoe, lantas dia lari mengadoekan hal itoe kepada orang sekampoengnja, sehingga menerbitkan perasaan kegoesaran kepada pendoeoek Kraton terhadap mereka jang memookeoli itoe. Begitoe asal moelanja terbit perselisihan tsb.

\*\*

Prakawis sapélé poenika saja dangoe saja ageng, kados latoe dipoen-soki lisah. Malah sampoen wonten ingkang kataton lan wonten ingkang pedjah. Doemoegi sapriki kawontenanipoen dèrèng sirep. Dipoenroekoenaken wongsal-wangsoel déning golongan B. B. inggih dèrèng roekoen. Wonten-wonten kémawon ingkang moerogaken dados dadakan; dados oeroeb-oeroeb; dados krojokan. Padjagen pèl poelisi kentjeng; malah dipoenbantoe militèr barang. Kabar ingkang koela waos kanton pijambak, manoe*t Sedio Tomo*, wonten pawartos golongan Tionghoa badé ngedrèl mesdjid, lan ambesmi kampoeng Kaoeman... Boten perloe koela serat ing ngriki kawontenan-kawontenan ingkang saged nggretaken manah. Pandjengenan sampoen pirsawitanipoen, lan mangertos prakawis kriwikan poenika dados grodjogan...

\*\*

Ing Pakalongan wonten lalampahan Indonesier contra Tionghoa.... Hem, ... Pekalongan, ... pasisir Lèr... Patjar Mérah ladjeng kéngingan lalampahan kala ndoengkap akiripoen taoen 1918, dados kalih welasan taoen kapengker. Koela kéngetan lalampahan kala kampoeng Tionghoa Koedoes Kilèn dados karang abang. Boten kirang grija sèket woewoeng ingkang risak dipoenbensin, kasoeled, ... andjalari kawah sadèrèk Tionghoa ingkang pedjah gosong déning latoe. Malah wonten laré njemloeng koelah, nanging meksa tiwas déning bentèring

toja... O, taoen kang agawé kekes... Lan... laraniipoen inggih kriwikan dados grodjogan.

Lan sapoenika, let kalih welas taoen, ing Pekalongan wonten lalampahan Indonesiers contra Tionghoa, ... inggih kriwikan dadi grodjogan malih!

Poenapa sebabipoen déné ing ngrikoek poenika sadjak gampil sagnet wonten lalampahan kriwikan dadi grodjogan?

Koela toekang koran naté manggèn ing pasisir Lèr saged nalaraken makaten:

1) Titijang Djawi pasisir Lèr poenika watak-wantoeing béda kalijan tetijang Mataram, Soerakarta, Iss. Titijang pasisir Lèr (ratjak) brangasanipoen boten kedjamak. Gampil moerobipoen; gampil moeringipoen. Énggal sanget poeroen ngadoe woelèding koelit. Poenapa kabekta saking bentèring hawanipoen poenapa kados poendi, koela boten mangertos. Nanging, ... njatanipoen makaten.

2) Titijang Tionghoa ing pasisir Lèr, ratjakipoen kawah sanget ingkang njepèlèkaken titijang Djawi. Ing Mataram, Soerakarta, Kedoe, limrahipoen sadèrèk Tionghoa sami b a s a kalijan tiyang Djawi. Nanging ing pasisir Lèr, sadèrèk Tionghoa kawah-kawahipoen sami ngoko, wadag kémawon datang si wana. Patrap boten sasami-sami poenika pantjen njerikaken manah kita anakipoen iboe Indonesia. Patrap ngoko waé poenika kénging kanggé titikan sadèrèk Tionghoa ing ngriki anggenipoen ngrèmèhken tiyang boemi. Mila koela inggih boten goemoen, déné manoe kababar, kala Tionghoa lan Indonesiers Pakalongan sami kaklempakaken kapoerih roekoen, sabakdaniipoen ladjeng wonten pangageng Tionghoa moengel: endasé wong Djawa koewi jèn ana Landgerecht moeng f 5 (f 2,50?) regané (dendané)...

Kalih bab kaseboet ing nginggil poenika sampoen tjepak kanggé antjer-antjer panimbang, déné prakawis makaten kémawon ladjeng ngambra-ambra.

Manawi nitik brangasanipoen tetijang pasisir Lèr, sapriki-sapriki tansah dipoenngoko déning sadèrèk Tionghoa, lan inggih kèndel kémawon, poenika amratandani oegi anggenipoen gadah watak ambatoer, éring datang bangsa manja. Dadas tetela oegi brangasan, koewanèn Iss. waoe sapérangan ageng namoeng kalijan bangsanipoen pijambak.

Nanging, sadèrèk, boten perloe kita sapoenika madosi sapa sing loepoet, sapa sing andadèkakè grodjogan. Boten perloe koela pitaken sapa sing bener? apa Tionghoa apa Indonesier? Pitakèn makaten poenika kedah dipoenrebihaken, awit boten sandé dajanipoen inggih namoeng ngagengaken pasielan. Boten sirep, malah saja moebal! Ingkang perloe: para pantoenon Indonesier lan Tionghoa kedah amboedidaja sagedipoen golongan kakalih poenika roekoen malih.

Mangga, roekoen-roekoen, ... roekoen, ... roekoen, !... Kita sami betah tentreming pradja! Angemohi retoening bawana!

Kumuningsaselé 23 Maart '31. Taklim: *Patjar Mérah*.

ketingal-pen, ladjeng poen mindring mendet otak-otak, kagebagaken ing pajon (jèn pajon sèng) oetawi ing gedèg, perloenipoen soepados ingkang gadah grija medal. Jèn sampoen medal, ladjeng dipoentagih samboetanipoen. Ewadéné, oelat soemèh, boten katingal nesoenipoen, sanadjan tanginipoen kanggelan, mawi ngoelat-ngoelèt. Mandar jèn wonten arta, sapinten-pinten inggih dipoensoekakaken. Soemangga kados poendi, wonten lalampahan kados makaten. Tiyang tilem, wantji sanès wantji, éwa déné, dipoen-gobjag, dipoendamel kagèt, inggih lestantoen boten poenapa-poenapa. Mangka jèn tjara tiyang Europa oetawi kaeom terpeladjar, kadadosan ingkang kados makaten poenika, agè-agè kémawon, relaas, buren gerucht oetawi vrede-breuk.

Taksih wonten malih para sedèrèk. Mindring nagih ing padoesoenan. Ingkang gadah samboetan (tiyang èstri) ploedjoe tilem wonten ambèn ngadjengan. Poen mindring teroes mapan linggih, andjèdjèri ingkang tilem waoe, dèhèm-dèhèm oetawi ngentjot-entjot ambènipoen, perloenipoen tiyang èstri waoe tangi. Jèn sampoen tangi, ladjeng, dipoentagih samboetanipoen.

Taksih wonten malih toenggilipoen, para sedèrèk, nanging kados sampoen tjepak jèn risaking panggesangan poenika jektos adamel asoring dradjat. Oepaminipoen kémawon, amargi soegih samboetan, pakawisan toewin barang-barang gegadahan kita kados déné grija lan barang-barang sanèsipoen sami késah kabekta kaeom woeker. Jèn kita poeroen mikir 5 menit kémawon dangoenipoen, kados ladjeng gadah kejakinan, jèn atoe koela poenika boten lepat.

V A R I A .

„PEKEN DERMA MERAPI ING TENGARAN.“

(Dedamelanipoen pijambak).

Sadèrèngipoen koela ngatoeri priksa kasebat nginggil, ing dstrict Tengaran sampoen saged njoembang arta f 600.- ingkang sarana lijst mider.—

Nalika malem tanggal 15 saba malem tanggal 16 Maart 1931, ing Tengaran wonten perajaän, angsal-angsalanipoen kanggé Merapi fonds. R. M. Soerjokoemo (Wedana) djoemeneng pangajoman, M. Tjokroamidjo (Mantri Goeroe) pangarsa, M. S. Hadipranowo (Mantri Politie) moeda pangarsa, M. Parjo (2e schrijver Wedana) panitra, M. Prawirosoedarmo (1e schrijver Wedana) pangroekti arta. Ingkang djoemeneng panitija inggih poenika: M. Darmosoeharto (Asst. Wedana) Soeroeh, M. Iskandar Notosoegondo (Asst. Wedana) Soesoekan, M. Hardjosoemarjo (Hoofdschatter pandhuis) Ampel, M. Wasitsoehardjo (Mantri C. K.) Salatiga, M. Rooslan (Mantri waterbeheer) Tengaran, M. Soemodihardjo (Mantri

Bouwtoezicht) Tengaran. Panitija Soeroeh, Soesoekan saba Ampel, sami damel sub comité pijambak-pijambak.— Ingkang kapitontonen i.p.; saking Ampel déning prijantoen pagantosan saba goeroe, loemantar pangajoman T. Beheerder pandhuis, petilan ringgit tiyang sekawan rambahan, perangipoen: praboe Adjisoko - Raden Danisworo, R. Widjoseno - R. Soeratimontro, R. Wasidjolodoro - R. Kartowijogo, R. Gatoetkotjo-Dadoengawoek).

Saking Soesoekan ketoprak lalampahan Pandjiwoeloeng, déning sadèrèk goeroe-goeroe doesoan. Saking Soeroeh toneel „Merapi“ déning para prijantoen kaonderan Soeroeh (kapimpin M. Wirjoetomo). Saking Tengaran petilan ringgit klitik lalampahan „Djoko Tingkir soewita dateng Bintoro“ (kapimpin R. Sastroeljo) saba toneel pantomime (Santi sworo) lalampahan „Terbang wasijat“ déning para prijantoen goeroe-goeroe doesoan. Saking Solo permainan fiets ingkang ngédap-édapi déning sadèrèk Ekram saba sadèrèk Ridwan Kanggé semoewanipoen kramèng pikantoe soebangan Jazz-band saking „Cauman Band ing Kaoeman Solo, kedèntjong (pentjak) saking Soeroeh, sportvereniging „Lego“ Salatiga, ringgit poerwa saking Boetoe, ketoprak saking Sidamoelja, permainan ingkang elok elok saba damel éraming ngakatah déning sadèrèk Dimhari (ngontjeki klapa tanpa dedamel, mènèk deling soekoe wonten nginggil lan sp.).- Buffet sekar kaasta sadèrèk M. Darmosoharto panitija Soeroeh. Ingkang andjoemeneng ingkang Boepati Semarang saba para prijagoeng sanès-sanèsipoen. Déne penonten kalebet kawah, toer angal kamirahaning Pangèran boten djawah,

Kepandjangan bilih koela printjiprintji munggah djananipoen para ingkang sami ngemoedèni saba bebaho (medewerkers) miwah para spelers, anggenipoen sami ngatingalaken autoactiviteit, samenwerking saba koerbanipoen, lsp. Mongkok raosing manah kados badé kloeroek-kloeroeka: „Lo, deloken, wong Djawa ja bisa njamboet gawé déwé.“

Sampoen, sampoen, Pramila angsal-angsalan brutto saged wonten f 643.53 — f 409.85 (ongkos-ongkos dalah pokokipoen pawitan saking oeroenanipoen para prijantoen Tengaran.) f 232.67 (ingkang tjalon kasetoraken). Poenika taksih wewah, djalaran angsal-angsalanipoen buffet saking toean panitija Soeroeh dèrèng saged setor.

Dados sadaja Tengaran saged oeroen f 833.67, langkoeng; mboten sanès namoeng moegi-moegi arta waoe sageda toemandja saestoe toemrap ingkang sami manggih kasangsaran déning koerdanipoen redi Merapi.

Noewoen verslaggever W.

NGLERESAKEN.

Swara-Tama minggoe kapengker, panggénan verslag P.K.W., blz. 2.

**R. K. MULO**  
ing Ngajogjakarta (Kampementstraat).  
ing Soerakarta (Mulo-weg Poerbajan).

Iksamenan loemebet dados moerid wonten ing tanggal 4 Mei, djam setengah woloe éndjing. Penjoewoenan dados moerid ingkang tanpa verklarung, dipoensoewoen loemebet sadèrèngipoen tanggal 1 Mei; ingkang mawi verklarung dipoensoewoen loemebet sadèrèngipoen tanggal 1 Juni.

Penjoewoenan dados moerid ing H. I. S. Soerakarta lan H. I. S. oetawi Schakelschool Ngajogjakarta, dipoenadjeng-adjeng sadèrèngipoen tanggal 1 Juni.

DE DIRECTEUR DER  
CANISIUSSCHOLEN.

Boeat bikin goembirahnja anak-anak die harian Paschen djangan loepa adres:

**TOKO DJOEN & Co.**  
ELECTRISCHE BROOD-BAKKERIJ.  
PATJINAN TELEF. No. 374 DJOCJA.

Baroe terima roepa-roepa mainan  
Chocolad Marspein dan kembang goela.  
Datenglah saksiken djangan ajall  
Memoedjiken dengen hormat  
DJOEN & Co.

wonten temboeng *rectificatiecommissie*; poekika lepat. Leresipoen: *Verificatiecommissie*.

Korèktor.

OERAP-SARI.

KABAR KATHOLIEK.  
Grija-retrèt „Giri-santa.“  
Binarkahan.

Kala Ngahad 22 Maart, grija retrèt „Giri-santa“ éstoe binarkahan. Prijagoenging Pasamoean Soetji ingkang rawoeh, padoeka toewan Wubbe Wawakil dalem Kangdjeng Biscope ing Betawi; Mgr. de Bakkere ing Soerabaja; P.J. van Baal wakil Superior; pangagenging rama-rama Pastroer warganing sarékati Tyas Dalem Sri Jésoes; pangagenging para Broeder ing tanah Djawi. Kadjawi poenika barkahan grija-retrèt waoe tinenggan gatrah Katoelik Djawi saking Semarang, Ambarawa, Magelang, Moentilan, Salatiga lan Ngajogjakarta, poenapadéné sadèrèk-sadèrèk Katoelik Walandi saking poendi-poendi, goenggoeng kempal wonten tiyang 200.

Kirang langkoeng djam 10.30

CORRESPONDENTIE.

— *Sdr. Saraita*, karangan pandjengenan: „Wangsoelan tjepak.“ (*katoer sang Tjantrik Wilis*), saking pamawas kita prajogi jèn ta boten kapatjak kémawon; makaten poenika boten margi karangan waoe sepélé, nanging soepados prakawis poenika sampoen dados ngambra-ambra. Ing Sw. Tm. no. 3 pandjengenan sampoen ambèbèr wasasan bab agami tjara Katoelik, soepados katjetaa ngiras ngemotetaken dateng sdr. Katoelik; amargi wonten wasasan bab agami saking sdr. Tjantrik Wilis, ingkang ang-gèsihi. Sdr. Tj. W. ladjeng damel wangsoelan pinten-pinten kolom. (Sd.Tm. 27-29). Wangsoelan poenika prajogi boten dipoen-lajani kémawon, awit karsa pandjengenan roemijin rak boten badé njaroewé sdr. Tj. W. Leres wangsoelanipoen sdr. Tj. W. waoe ngemot prakawis-prakawis, ingkang pantjenipoen mila perloe kawangsoelan, nanging glagatipoen, jèn kawangsoelana, kados boten badé nigoenani. Milanipoen „Wangsoelan tjepak“ (*katoer sang Tjantrik Wilis*) waoe boten badé kita patjak. Sampoen dados penggalih!

— *Ketjil*: karangan pandjengenan: „P. kalijan P.“ ing sapoenikanipoen dèrèng manggèn (mopportunity).

— *S.S.D.H.*: karangan pandjengenan dangenipoen radi kasèp, milanipoen badé kapatjak minggoe ngadjeng kémawon.

Red. Sw. Tm.

ER  
ER  
CEE  
ER  
EE

APOTHEKEN

## Rathkamp & Co

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

AGENT  
BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.

Speda - speda merk :

SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poetih dan SIMPLEX TRANSFER. HIMA : Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin. TOURIST : AA dan A.

Ada sedia djoega speda merk :

RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE — BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONING. Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganja, moelaif 55.—, f 65.—, f 75.— dengan perkakasnja : klinting, pompa, lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak. Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk: ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus. Ada sedia djoega : Djas hoedjan, Kopper, Lentera Stormking, Almari besi dan tjat wenter.

PENDJOELAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGOER. Kalau maoe minta keterangan, akan dikirim keterangan dengan pertjoema.

Mengharap pesenan :

Rijwielhandel, Reparatie - inrichting dan Smederij: WIRJOSOESENSA

LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. No. 13.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang moerah

DJOKJA BANDOENG  
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA,

dengan bawa lembaran Swara Tama.

dapat POTONGAN.

### Mangga moempoeng mirah mekaten.

Sepiritus kanggé lampoe, 94% sa - blèg à 18 liter F 3,50.  
Schellak, garing, 1 Kilo " 2,75.  
Caurticsoda, sa - drum à 50 kilo " 11,50.  
Copallak; sa - blèg à 10 kilo " 12,50.  
Zinkwit Maastricht, zegel abrit; sa - tong à 50 kilo " 23,—.  
" " " " à 100 " " 25,—.

Kedjawi poenika: idjem cromaat sepoe, djené cromaat nèm, ch. z. loodmenie, ijzermenie mawi ijzerroxijde 85 doemoegi 90%, oker djené lan sawo mateng, tjemeng Zweden, drie - bandzwart, sikat - sikat, penoeli - penoeli, séla kambang Éropah, rempelas dlantjang lss.

Ngoentoengaken sanget kanggé para Aannemer lan para kilak.

### Verffabriek R. B. FRIELING

HOEKHUIS GONDHOMANAN SAJIDAN — DJOKJA.

R. I. P.

Ngatoeri oeninga bilih:  
Kekoeloenging manah, memaniking mripat koela:

### ADRIANUS SOESANTA

ingkang sanget koela tresnani, kala tanggal 16-3-'31 wantji djam 3 sonten, katimbangan sowan ing pangajoenaning Pangéran, tanggal 17-3-'31 wantji djam 9 éndjing kakoeboer wonten Bara.

Ing salebeting kasoesahan, koela boten soepé ngatoeraken genging panoeuwen koela dateng pandjenenganipoen Rama Satiman, Zuster Col. Roebijah, bapak loerah Bara, miwah para sadèrèk sadaja kémawon ingkang sampoen paring pitoeloengan awoedjoed, baos-soekoe, igoeh pratikel sapitoeotipoen, ngantos doemoegi pangoeboeripoen.

Bara 21 Maart 1931.

F. S. Padmawarsita.

### TOKO BARANG - BARANG

#### H. SPIEGEL — Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.  
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;  
Kereta dan korsi boeat anak - anak;  
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan  
— permainan boeat anak - anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN MOERAH SEKALI!

grija retrèt waoe binarkaban. Inggang ambarkahi pandjenenganipoen Mgr. de Bakkere djinadjaran pandjenenganipoen P. Wubbe lan J. van Baal, . . . . saladjengipoen pinoengkasakan mawi kidoengan Te Deum.

Bakda poenika, para tamoe sami ngalempak wonten recreatiezaal, sinoegata ombèa - ombèn, . . . . . Pandjenenganipoen P. Wubbe atas asma dalem Mgr. van Velsen medar sabda soeraosipoen: matoer noewoen dateng rawoehipoen Mgr. de Bakkere. Ladjeng ngandikakaken anggènipoen S. Vincentius ngadjenengaken retrèt.

Poenapadérè mahjakaken renaning panggali dalem Kangdjeng Biskop margi adeging grija retrèt poenika. Pangandikanipoen: „Para sadèrèk. Renaning panggali dalem Mgr. van Velsen poenika langkoeng - langkoeng déné angènti tjatjahing tjang Katoelik ing Indija saja mindak - mindak. Nanging manawi kasawang saking sisih sanès, inggih katah daja - daja ingkang anggondèli, narik gotrah Katoelik dateng poen „donja.“ Kawontenan - kawontenan ing samangké anedahaken bilih katah tetijang Katoelik ingkang boten damang saèstoe dateng agami kita. Amila adeging grija - retrèt poenika nama begdia kamajangan saèstoe, awit wonten salebeting grija waoe titijang Katoelik badé saja damang, saja wanoeh kalijan lebatanipoen agami Katoelik. Saèstoe retrèt poenika nama prakawising - gesang, een levenskwèstie, kanggé tetijang Katoelik. Awit wonten salebeting retrèt Pangéran badé margi sih pitoeloengan moergan sagedipoen - bakoeh pangidepipoen dateng agami Katoelik, Sih waoe badé soeka kajahatan, kasantosan soepados gesang ingkang langkoeng mitajani. O, bok moegi sadaja tjang Katoelik saindenging noeswa Djawi, samia anindakaken gesang Katoelik, samia anglampahaken mangrasoel - krida . . . . . „Doeh Goesti moegi margina papadanging kasoenjatan dalem, soepados kawoela sadaja saged sowan ing ngarsa dalem.“

Makaten kirang langkoeng oengeling slot - rede ingkang katjaget wonten tjatetan koela. Wasana moemoedji soepados margi adeging grija retrèt waoe, kanti pitoeloenganipoen S. Ignátius sarta barkah dalem Pangéran, sageda gesang Katoelik ing tanah Djawi (het Katholiek - leven van Java) saja kasantosaaken, saja bakoeh, awit ingkang makaten waoe inggih namoeng aarib nanging kaloehoeran Dalem Goesti Allah.

Pandjenenganipoen P. J. van Baal, wakil Superior, ngandikakaken tjoewaning panggali déné pandjenenganipoen Rama van Kalcken toewin Rama van Hooff ingkang toemandang amrih adeging grija retrèt waoe, sami boten saged ndjeneugi. Pandjenenganipoen ngènetaken kala bikakan grija retrèt

ing Venlo (Nederland), tetijang katah ingkang koewatos, mangké gèk boten katah tjang ingkang retrèt, nanging sapoenika ing nagari Walandi malah gadah grija retrèt katabipoen 13 jèn boten 14. Sateroesipoen pandjenenganipoen ngadjeneng - adjeng soepados toemoentena noesoel wontening grija retrèt kanggé tetijang èstri, sarta anenangi soepados tetijang èstri Katoelik samia madjeng dateng retrèt. Wasana ngatoeraken panoeuwen dateng Mgr. van Velsen, dateng Zr. Franciscaenissen ing Semarang anggènipoen angrigenaken, dateng t. Kleiverda annemer ing grija - retrèt, saha dateng Mgr. de Bakkere ingkang sampoen ambarkahi grija retrèt waoe.

Sabakdanipoen P. J. van Baal ladjeng kasambetan wedaring pangandikanipoen Mgr. de Bakkere, soeraosipoen ingkang perloe: kangdjeng - adjeng moegi grija retrèt waoe sageda boten namoeng andjalari mindak saenipoen gesang Katoelik ing Djawi Gesang - katoelik ing saindenging Noesantara moegi inggih mindaka saé. Pandjenenganipoen apradjandji kanti toeloesing panggali, badé ngadjenengaken soepados saking Djawi Wétan katah tjang Katoelik ingkang sami retrèt wonten „Giri - Santa.“

Sadèrèk Adisoemarfa atas namanipoen van Lith Stichting lan K. W. Moentilan nglahiraken bingahing manah toemrap roemeksanipoen pangageing Pasamoewan Soetji dateng gotrah Katoelik Djawi, ingkang katitik oegi saking adègipoen grija retrèt. Saladjengipoen anglahiraken anggènipoen gotrah Katoelik ing Moentilan roemaos ké - tjalan, déning salebetipoen sadasa taoen kanggé papaning retrèt, mangka sapoenika ladjeng pindah dateng „Giri - santa.“ Éwadéné raos ké - tjalan waoe kabirat sami sanalika, déning angènti gotrah Katoelik sapoenika ladjeng gadah grija - retrèt saèstoe, boten noenoetan kados waoenipoen.

Sadèrèk Hardawirjana, atas namanipoen P. K. W., angandaraken wontening retrèt salebetipoen sadasa taoen kapengker. Wiwitanipoen namoeng kanggé ingkang saged tjara Walandi, dangoe - dangoe ladjeng dados sataoen kaping tiga; (sapisan basa Walandi kanggé tjang djaler; kaping kalih basa Djawi kanggé tjang djaler; lan kaping tiga kanggé tjang èstri. Toemrap prakawis poenika gotrah Djawi Katoelik sanget anggènipoen matoer noewoen. Sarta panoeuwen waoe boten badé katingalaken sarana temboeng, nanging oegi sarana tindak: sembahjangan lan pandamelan; lan ingkang perloe badé sami merlokaken ndèrèk retrèt.

Pamedar sabda ingkang katoen pijambak pandjenenganipoen P. Verhoeven, (dirèktoering grija - retrèt) nglairaken panoeuwenipoen dateng sadaja kémawon ingkang ambantoe adeging grija - retrèt waoe.

Oegi kapangandikaken bilih Giri Santa waoe béndjing tanggal 6 April sampoen dipoenénggali.

Watawis djam 11.30 bibaran. Koela tjatet ing ngriki, pangarsa H. B. P. P. K. D. inggih mrelokaken dateng. Nanging éman, djalaran montor mawi béka wonten ing margi, datengipoen kasèb, tamoe sampoen sami bibaran.

\*\*\*

Grija retrèt „Giri - Santa“ poenika doenoengipoen wonten dooeson Karangdjati tjelak Oengaran, mang - koe margi ageng Ambarawa - Semarang. Manawi pandjenengan nitih bis oetawi montor, saking Ambarawa dateng Semarang, wonten kaprenah sisih tengen pandjenengan badé pirsu gedong ageng andjeng - garang semoe wingit. Wawangoenaning grija kasawang saking ngad - djeng ing pangraos kados tjang djepalangaken tangan kekalih: tjepoeri ngadjing minangka badan, témbok pandjanng kiwa - tengen minangka tanganipoen. Éntan - éntan poenika saged andoedoet manah, sadjak poen grija mèmè manik kados soerja ing wantji éndjing, ngatjarani tetijang Katoelik: „Mleboea mréné, nggèr, mleboea . . . . . ing kéné doenoenging tentrem. Lalaraning soekmamoe bakal ingoesadan . . . . .“

Sanggingiling tjepoeri ngadjing waoe, wonten seratanipoen ageng ageng tjeta: „Giri - sonta,“ ing - kang roemaos koela klèntoe paneratanipoen. Pantjenipoen mekaten kedah Giri - Sonta oet. „Giri - Santa,“ . . . Mlebet bleng, pandjenengan badé kagèt déning palataranipoen wijar angoblak - oblak sadjak minangka pasemon djembar - ring panggali dalem Pangéran: soegih pangapoera, soegih welas, soegih tresna. Tengah - tengahing plataran wonten patamanan, sadjak njasmitani Tyas Dalem dados pagedonganing sawarning brana kaswargan, ingkang manawi dipoenle - beti badé paring aroem<sup>2</sup> ingkang maharani tentrem . . . Palataran waoe kinoebeng ing gedong ladjoeran pinetak - petak awoedjoed kamar nggansal welas sisih. Kamar poenika nama kobèt, resik, isi patileman saé, klamboenipoen resik. Kadjawi poenika isi médja panjeratan, mawi schrijfmap koersi, bangkoe - djèng - kéngan lss.

Prenah kiwanipoen longopan mlebet ing grija, wonten kapèlipoen saé, isi bangkoe lan koersi 32. Médja - komini inggih boten koetjiwa, linadjoer mawi seratan „Tantum - ergo - Sacramentum“ ing tengah wonten pepetaning oelam sadjodo njoenggi wakoel isi woh - wohan. Altariipoen gagah; sembeda. Pakiwan lan koelahipoen oegi saé.

Kamar neda lan kamar djagongan (recreatiezaal) katingal kobèt boten soempeg. Djédjèr kalijan recreatie - zaal wonten palataran djobin mang - koe redi Oengaran, Télamaja lan

Kendalisada. Papan poenika mang - gèn sanget kanggé ngeningaken tjipta, oetawi mediteeren. Bokmanawi papan waoe pantjen kapilih - aken, awit pikantoe sawangan ingkang saged damel enenging pang - galih. Endahing kodrat ingkang kebak wawadosing gaib, ingkang nglimpoeti redi tetiga waoe saèstoe saged andoedoet moeloeking gagan - san, saja tjaket kalijan Hjang Maha Tresna. Biroening langit, boewenganing tjakrawala ingkang majoengi redi, saged damel ngalangoting gagasan, ngroemaosi bilih mangoeng - sa saèstoe titah tjilik mentik éwa - déné kerep koemaladak ambeg wani, adigang, adigoeng, adigoena; malah boten kirang - kirang ingkang boten nolèh gitokipoen wani ngraman ing Pangéran. . . . . Manawi soemerep kelap - kelaping méga anggènipoen goegoeloengan kados aloen, sitjilik mentik badé saged angraita: . . . . . „Bésoek bakal ana kala mangsa langit tangkep karo boemi, goenoeng djoegroeng, remboelan gogrog, lintang roentoeh, . . . Moeng si kan - tjil, moeng mangoengsa kang ngerti ing pratikel, bakal rahajoe, déné sigadjah mangoengsa sing bodo, sing kelimpoet, bakal mati katjemp - ploeng soemoer . . . . .“

Toemrap kita tjang Djawi, soemerep redi Kendalisada inggih lad - djeng kèngetan dateng dedongéngan kala Anoman amartapa wonten redi Kendalisada; kados soeka pitoetoer: djentoer tapamoe kaja Andjanipetra, dipoetih atimoe kaja resi Anoman . . . . .

\*\*\*

Tjekak sadèrèk papan waoe pan - tjèn matoek kanggé ngeningaken gagasan ngeningaken tjipta. Kawon - tenan kiwa - tengenipoen ngrikoeh, hawa lan redi, pantjen saged damel aseping manah; saged ngoeloekaken gagasan; saged . . . . . mangoemèng loehoer! . . . . . Boten kalèntoe ang - gènipoen milih papan . . . . .

Mila, béndjing samangsa wonten retrétan, mangga samia mrelokaken. Wragad kanggé wandawa Katoelik Djawi, manoe katrangan ingkang koela pirem f5.

Koela memoedji moegi grija retrèt waoe ambarkati dateng gesang Katoelik ing Indonésia.

### KABAR OEMOEM INDONESIA.

G. G. Filipina rawoeh ing Ngajodja. Programma.

Ngahad 29 Maart.

djam 2.15 sijang. Padoeka Goe - pernoer, K. G. A. A. Pakoe Alam, pangéran Soerjaningprang, B. B. ambenaren, djoeroe basa, metoek dateng setatsjoen Toegoe, djinadjaran pradjoerit kakapalan kalih welas, atindih koemendan.

2.49. G. G. Filipina rawoeh, pi - nargjana mawi muziek kraton lagoe

„de Star Spangled Banner,“ ladjeng papanggihan sakedap wonten ont - vangsalon, teroes tindak montoran dateng dalem Goepernoeran. Mon - tor ingkang dipoentitih G. G. Filipina wonten ngadjing pijambak kalijan goepernoer Ngajogja lan adjoedanipoen G. G. Wonten Goep - pernoeran binagèkaken Njonjah Goep - pernoer.

G. G. Filipina njaré wonten dalem Goepernoeran. Salebetipoen njaré wonten Ngajogja palataran Goep - pernoeran saben dinten djinagi solda - doe 20.

Senèn 30 Maart '31.

7.31 éndjing. Tindak dateng Men - doet lan Baraboedoer.

6.30 sonten. Martamoe dateng Pakoe Alaman. Kadjawi sanès - sanès kasoegata beksan bedaja.

7.45 sonten. Martamoe dateng Kraton. Oegi sinoegata beksan be - daja lan petilan ringgit tjang. Djam 12 daloe kondoeran.

Slasa 31 Maart '31.

7.30 éndjing. Tindak mriksani tjandi Kalasan, Prambanan, lan tjandi Sari.

10 éndjing. Ngladjengaken tin - dakipoen dateng Soerakarta . . . . .

Seseboetan darah kraton ing Soerakarta.

Sapoenika Kraton Soerakarta sam - poen netepaken makaten: a) Sinten ingkang taksih *tjanggal* (graad IV) kalijan salah satoenggiling I. S. K. Soesoehoenan, nèm oetawi sepoe, dados oetawi boten dados abdi dalem, kénging nganggé seboetan: *Radèn Mas*. b) Wiwit *warèng* (graad V) saladjengipoen tanpa wangenan kénging nganggé seboetan *Radèn*. (D. K.)

— Sapoenika titel *Radèn* dados *boten angèl*. Mangga sinten ingkang ngrsakaken, kaeroesa taleripoen.

Djagad sekolahan.

Badé wonten ringkesan:

1). *Osvia* ing Madioen badé ka - sowak, margi Prabalingga kalijan Magelang kémawon sampoen nje - kapi. 2). *Onderbouw - H. I. K.* badé kagamblokaken kalijan M. U. L. O. limrah. 3). *Fröbel - Kweekschool* poenika dangoenipoen 4 taoen. Inggang 2 taoen = M. U. L. O. - opleiding, ing - kang 2 taoen sanèsipoen vak - oplei - ding. M. U. L. O. - opleiding waoe badé kagamblokaken kalijan M. U. L. O. limrah. Dados ingkang djan *Fröbel - Kweekschool* poenika badè - nipoen namoeng 2 taoen dangoeni - poen. Lan moerid - moerid ingkang saweg tampi M. U. L. O. - opleiding kapoerih dateng M. U. L. O. barès kémawon.

— Ngringkes makaten poenika oegi nama ngirid. Bab ngirid kita moepakat. Nanging ringkesan no. 3 poenika, poenapa boten badé ngwon - tenaken *coëducatie*? Lan *coëducatie* poenika moegi kaboetjala.